

Aplikasyon règleman yo (kontinyasyon)

Montan Kontravansyon	
Premye Ofans	Ofans Annapre yo
\$510	\$1,010

Anplisde penalite sivil yo enpoze yo, yo ka remòke machin yo oswa imobilize yo jiskaske yo peye tout vyolasyon yo dwe yo ak frè ranfòsman yo.

Yo pral bay kontravansyon yo imedyatman apre yon mèt pwopriyete resevwa yon Avètisman Koutwazi preyalab.

Penalite yo akimile lèfini yo ka plase yon dwa re-tansyon sou pwopriyete a, si yo pa peye amann yo, frè aplikasyon règleman yo, ak frè administratif yo e/oswa si yo pa rektifye vyolasyon an.

Yo ka akòde tan adisyonèl pou konfòme a règleman an nan Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a (Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.

Depatman Resous Ekonomik ak Règleman Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmite anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominote a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou estasyonman/antrepo otomobil komèsyal nan distrik rezidansyèl yo ...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan www.miamidade.gov/building

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan 311@miamidade.gov.

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priyorite sou Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.



Carlos A. Gimenez, Majistra

ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;
José "Pepe" Díaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvín, Grefye Tribinal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtinite egal nan anplwa ak nan sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòme l a tout ekzijans Lwa ki konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore



Estasyonman/Antrepo Machin Komèsyal nan Distrik Rezidansyèl



NEIGHBORHOOD REGULATIONS
11805 SW 26th Street, Suite 230
Miami, FL 33175-2464
Lendi - Vandredi
7:30 am – 4:00 pm
Esepte jou fèt



Règleman konsènan estasyonman oswa antrepo

Yo aksepte antrepo oswa estasyonman sèten machin komèsyal sou pwopriyete prive nan zòn rezidansyèl, selon kondisyon swivan yo:

- ✓ se sèlman 2 **machin Kategori 1** yo ka estasyonman nan yon rezidans.
 - Machin Kategori 1 yo enkli taksi, limouzin ki gen mwenske 20 pye nan longè oswa nenpòt machin ki transpòte pasaje ki gen mwenske 8 pye nan wotè e ki gen yon siy, lèt oswa anblèm k ap fè piblisite oswa ki asosye l ak yon antrepriz komèsyal.
- ✓ se sèlman 1 **machin Kategori 2** yo ka mete oswa estasyonman, depi yo kenbe l nan yon garaj ki fèmen, oswa deyè liy demakasyon konstriksyon an andedan yon kloti opak, yon klwazon oswa peyizaj ki konplètman fèmen, e ki gen 6 pye nan wotè, a omwen 10 pye distans de liy de makasyon pwopriyete aryè a.

- Machin kategori 2 enkli machin 8 pye oswa mwens nan wotè ki etale, swa ekipman a enstalasyon fiks oswa a enstalasyon ekstèn tanporèman, tankou nechèl, ekipman pou okipe gazon, oswa aparèy ak sipò ki nesèsè pou transpòte atik sa yo. Trelè fèmen oswa louvri oswa remòk itilite ki mwenske 20 pye nan longè.

✗ Yo estrikteman entèdi **machin kategori 3** nan tout distrik zòn rezidansyèl.

- Machin kategori 3 enkli machin ki depase 20 pye nan longè oswa pliske 8 pye nan wotè, ansanm avèk kamyon remòk, kamyon baskil, machin konstriksyon oswa machin ki transpòte sab oswa ekipman ak semi-remòk ak trelè.

- Y ap pèmèt estasyonman tanporè yon **machin Kategori 2 oswa 3** devan liy demakasyon konstriksyon an sèlman pou chaje oswa dechaje, oswa pandan machin lan ap bay yon sèvis komèsyal sou plas.

- Sepandan, yo pèmèt yon arè akomodasyon depi li pa depase 1 èdtan sou yon peryòd 24 è.

Estasyonman sou dwad pasaj la

✗ Yo entèdi estasyonman machin komèsyal Kategori 2 oswa 3 nan lari a, amwenske machin sa yo ap chaje oswa dechaje aktivman materyèl oswa moun oubyen yap bay yon sèvis komèsyal nan moman estasyonman an.

Aplikasyon règleman yo

Estasyonman oswa Antrepo Machin Komèsyal ki an vyolasyon avèk Seksyon 33-124.1 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la, ka lakòz yo bay responsab vyolasyon an yon Avètisman Koutwazi. Lè sa aplikab, yap bay ni lokatè a ni pwopriyete a avi ki gen rapò avèk aplikasyon règleman yo; sepandan, se pwopriyete a ki se moun ki gen responsabilite final pou l konfòme l a règleman yo.

Aprè moun nan fin resevwa Avètisman Koutwazi a, si malgres li pa konfòme l a règleman yo, sa pral lakòz yo bay pwopriyete a ak lokatè a, yon kon-travansyon, selon Chapit 8CC nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.

Al gade nan Seksyon 33-124,1 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade